

Òganizasyon Fanmi Lavalas

Fasilitasyon

Vanse nan kontinye mete kanpe

Remete ann eta pou fonksyone

Byenvini

Yon Lavalas salitasyon pou nou tout,

Nou tout ki konprann nesosite pou chita ansanm sa a fèt jounen jodi a, chita ansanm jodi a li enpòtan anpil. Li enpòtan, paske se yon echantiyon divès frè ak sè nan tout 10 departman peyi a, ansanm ak lespri sila a yo ki aletranje, se nou tout, ki reponn prezan nan chita ansanm jodi a. Nou se yon echantiyon tout manm Fanmi Lavalas ki abitye pran reskonsabilite nan Fanmi Lavalas, e sitou pou Fanmi Lavalas.

Sa vle di, chita ansanm sa a, se rezilta anpil kesyon ki poze, sou ki sa Fanmi Lavalas devni, antank Òganizasyon Politik. Kesyon sa a, mwen pa kwè gen okenn nan nou, poukont li, ki ka reponn keksyon sa a. Kidonk, ki sa ki Òganizasyon Fanmi Lavalas, jounen jodi a,

Se sèten, Reprezantan Nasyonal Fanmi Lavalas la vivan, li toujou Reprezantan Nasyonal, menm lè li pa nan peyi a. Li an egzil fòse, akòz dega politik ki sakaje peyi a, nan dat 29 fevriye 2004; yon malè brital, ki frape Fanmi Lavalas nan nannan; yon kout ponya lanmò, ki demanbre Fanmi Lavalas.

Se sèten, majorite Fanmi Lavalas la ap kontinye espadone, pou li pa neye nan toubouyon tout kalte boulvès, boulvès ki menase egzistans Nasyon an, nan sa ki rete nan sante latè dayiti. Anfas sitiyasyon danje sa a, majorite Fanmi Lavalas la mande, pou travay Konstriksyon Òganizasyon politik la reprann, epi rapousib san pèdi tan; reprann epi rapousib travay konstriksyon an, sou baz sa nou genyen ankò kòm chapant, toujou avek Konstitisyon Òganizasyon an, ansanm Regleman yo, kòm zouti.

Frè ak sè lòt bò dlo,
Frè ak sè an egzil,
Frè ak sè pabò isit, ki toujou nan chenn
Lespri yo tout, prezan nan mitan nou.

Se respè pou prensip Òganizasyon Fanmi Lavalas, ansanm ak tèt ansanm sensè sa a, ki ap ede nou rive genyen tout **Kowòdinasyon Pwovizwa Fanmi Lavalas** bezwen, pou li tanmen remanbre kòm sadwa, nan tout seksyon yo, nan tout komin yo, nan tout Departman yo.

Se menm respè pou prensip, ansanm ak tèt ansanm tou louvri sa a, kap ede nou akouche yon Kowòdinasyon Nasyonal Pwovizwa ki lejitim, ki an sante, ki ka yon egzant demokrasi nan Fanmi Lavalas; Yon **Kowòdinasyon Nasyonal Pwovizwa** ki gen kapasite pou reprezante, e akonpaye Fanmi Lavalas nan tout sikonstans, kote enterè Fanmi Lavalas merite defann, nan tout sèk, kote Fanmi Lavalas fèt pou gen lavwa ochapit, epi nan tout aktivite kote Fanmi Lavalas deside patisipe.

Bon travay, nan lòd, nan disiplin, nan respè youn pou lòt, nan respè prensip ak regleman Fanmi Lavalas.

9 Oktòb 2008.

Òganizasyon Fanmi Lavalas

Fasilitasyon

Vanse nan kontinye mete kanpe

Remete ann eta pou fonksyone

Kote n soti, kote n rive

Se te yon jou 3 novanm 1996, kòtakòt ak divès kolaboratè, e an prezans yon foul patizan, Prezidan Jean Bertrand Aristide te anonse nan vil jakmèl, kreyasyon Òganizasyon Fanmi Lavalas. Kidonk, Fanmi Lavalas pral gen 12 lane depi li egziste.

Pou tout moun ki bliye, osnon ki pa konnen, Òganizasyon Fanmi Lavalas se pitit konba majorite Pèp ayisyen an. Fanmi Lavalas, se zouti politik chèmèt chèmètès, majorite Pèp ayisyen an.

Soti nan Mouvman Lavalas lane 1990, pase nan Òganizasyon Politik Lavalas ane 91-92-93-94, tonbe nan Platfòm Politik Lavalas nan lane eleksyon 1995, majorite Lavalas la pran anpil kou politik anba men anpil politisyen ki pran woulib politik, sou do majorite Pèp Lavalas la. Politisyen woulibè yo, yo pa rive fè dap piyanp politik sou majorite Pèp Lavalas la. Yo sètoblije tonbe nan fè kanpay, yon manyè pou ta fòse majorite Pèp Lavalas renye pwòp tèt li.

Fanmi Lavalas, se majorite Ayisyen, fanm tankou gason, ki ap goumen pou lavi nan peyi a òganize yon lòt fason. Fanmi Lavalas, se majorite pitit latè d'ayiti ki ap lite. Lite pou nou tout gen posibilite konprann, e patisipe nan chanjman ki dwe fèt, pou nou tout rive viv tankou moun. Lite pou nou tout vanse nan chimen pwogrè, antank sitwayen yon menm peyi. Òganizasyon Fanmi Lavalas, se yon modèl òganizasyon majorite Pèp la chwazi kòm zouti, pou òganize e sèvi ak tout resous peyi a, yon fason pou nou tout ansanm nou rive jwenn bout tout pwoblèm nasyon an, ak tout pwoblèm peyi a. Diran 12 lane li egziste, Òganizasyon Fanmi Lavalas montre ki jan li gen kapasite pou li akonpaye majorite Pèp la, nan pran desizyon ki se dizon majorite Pèp la.

Malerezman, politisyen espè nan kipègay yo, yo poko aprann aksepte prensip demokrasi, ki mande respè pou vòt majorite Pèp la.

Eleksyon 1997, move pèdan pran pretèks vòt blan, pou Senatè Fanmi Lavalas pa antre nan Palman an. Eleksyon 2000, move pèdan fè menas ak zak latèrè, pou eseye gate eleksyon. Eleksyon fèt kan menm. Majorite Fanmi Lavalas la genyen laviktwa. Yon lòt fwa ankò, Pèp la bay move pèdan kanè. Kòm move pèdan pa demokrat, move pèdan pito pwazonnen tout sous lavi nan peyi a. Pèp la soufri anpil, men li derefize ni pran, ni mache nan pawòl tèt anba. Move pèdan monstre, li anraje. Nan dezespwa, move pèdan pran zam kont leta. Move pèdan fè koudeta 29 fevriye 2004. Move pèdan se poutchis, deyè bonmas demokrat.

Nan ane 2004-2005, poutchis tribò babò lage koukourouj deyè majorite Pèp Lavalas la. Poutchis tout plim tout plimay sèmante pou disparèt Fanmi Lavalas. Egzil, prizon, sasinay, se tout sa, Fanmi Lavalas sibi anba zam poutchis, anba zam koudeta. Fanmi Lavalas reziste. Fanmi Lavalas kontinye egziste pi rèd.

Eleksyon 2006, malgre mannèv konfreri poutchis, malgre konsèy Elektoral san Fanmi Lavalas, ak pifò manm konsèy la kont Fanmi Lavalas, majorite Fanmi Lavalas la montre pi aklè toujou : se Fanmi Lavalas ki bay eleksyon valè, valè lejitim.

Òganizasyon Fanmi Lavalas

Kote n soti, kote n rive

12 lane konba pou bonjan demokrasi: se eksperyans Fanmi Lavalas. Malgre koutba, malgre soukous, malgre kou nan do, Fanmi Lavalas kenbe tennfas. Zòt bannou tout kalte move non; sèten pran woulib politik sou do nou, pandan yo ap eseye neye nou, nan kouran ki pa kouran enterè Fanmi Lavalas.

12 lane, Fanmi Lavalas investi: volonte nou, enèji nou, fòs kouray nou, tout resous lavi nou.

12 lane rezistans, pasyans ak pèsèverans nan bati ak majorite Pèp la, Òganizasyon majorite Pèp la, Òganizasyon Fanmi Lavalas.

12 lane Fanmi Lavalas ap lite pou tout dwa moun ak jistis sou tout fòm rive pran rasin, rive boujonnen, epi rive fleri sou latè dAyiti.

Nou pran kou, nou sibi anpil domaj. Jodi a, Fanmi Lavalas sonje, Fanmi Lavalas aprann, Fanmi Lavalas konprann pi plis toujou.

Jodi a, Fanmi Lavalas ap rapousib tèt ansanm, tèt ansanm nan mitan Fanmi sa a. Avèk fòs tèt ansanm, Òganizasyon Fanmi Lavalas ap kontinye mete chapant pi solid, tout kote baz Fanmi Lavalas plante; sa vle di, baz Fanmi Lavalas nan tout peyi a, e nan tout kote Ayisyen rasanble nan peyi a, e aletranje.

12 lane, sa vle di Òganizasyon Fanmi Lavalas jenn anpil. Men poutan, Òganizasyon Fanmi Lavalas grandi vit, e li aji an granmoun.

Nan lokazyon 12 zan fèt Òganizasyon Fanmi Lavalas ki tou rive 3 novanm 2008, nou tout frè ak sè nan Fanmi Lavalas, nou swete: tank laj ap antre, se tank Òganizasyon Fanmi Lavalas ap kontinye grandi. Se tank Fanmi Lavalas ap Òganize, epi travay pou yon sosyete sitwayen tout bon rive tabli nan peyi a. Yon sosyete sitwayen Ayisyen, fanm tankou gason, ki viv nan solidarite. Solidarite nan yon Ayiti ki nourri tout pitit li. Solidarite nan yon Ayiti tout pitit li renmen tout bon. Solidarite nan yon Ayiti tout pitit li pwoteje tout tan, nan bon tan, tankou nan move tan.

Yon sèl nou fèb
Ansanm nou fò
Ansanm Ansanm, nou se Lavalas

9 oktòb 2008.